



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN MWA SANSIBILIZASYON SOU VYOLANS AK ZAM, GOUVÈNÈ HOCHUL  
KODIFYE BIWO PREVANSYON VYOLANS AK ZAM LAN NAN ETA NOUYÒK**

***Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam Eta a kounye a kodifye nan lwa pandan Administrasyon Trump la ap disoud Biwo Mezon Blanch lan epi koupe finansman pou diminye vyolans ak zam***

***Biwo a pral elaji kowòdinasyon ant ajans eta ak lokal yo, dirije kanpay estokaj ki an sekirite epi soutni pwogrè nan lit kont vyolans ak zam lan***

***Fiziyad nan Vil Nouyòk diminye a 21% ane apre ane epi omisid ak zam yo ba nan nivo ki bat rekò***

***Fiziyad nan tout eta a diminye a 17% epi kantite moun ki pran bal diminye a 26% konpare ak menm peryòd ane pase a***

***Pwogrè kontinyèl apre Gouvènè a fin adopte lwa sou sekirite zam k ap mennen nan peyi a, fòmasyon yon gwoup travay sou zam ant eta yo ak 347 milyon dola nan inisyativ pou prevansyon vyolans ak zam***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a pwogrè kontinyèl nan lit kont vyolans ak zam, avèk done ki fèk pibliye ki montre ke estrateji prevansyon konplè Eta Nouyòk yo ap mache. Soti janvye rive me 2025, ensidan fiziyad ki te enplike blesi yo te diminye a 17 pousan konpare ak menm peryòd ane pase a, epi kantite moun ki te pran bal te diminye de 26 pousan nan tout gwo zòn metwopolitèn yo deyò vil Nouyòk, ke yo rele tou 21 konte pou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE). Nan vil Nouyòk, ensidan tire yo ak kantite moun ki pran bal yo tou de bese 21 pousan konpare ak menm peryòd ane pase a, epi omisid ki enplike zam yo nan pi ba nivo ki janm anrejistre. Done preliminè nan tout eta a montre plis diminisyon nan ensidan fiziyad pandan twa premye semèn jen 2025 yo. Rezilta sa yo reflekte enpak dirab apwòch Eta a anvè sekirite piblik, ki baze sou done e ki baze sou kominote a.

"Pi gwo priyorite mwen se sekirite piblik, epi isit la nan Nouyòk, nou konsantre nèt sou konbat vyolans ak zam pou rann lari nou yo ak kominote nou yo pi an sekirite",  
**Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou kodifye Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam (Office of Gun Violence Prevention, OGVP) Eta a, n ap ogmante enpak efò nou yo pou diminye

krim ak zam nan Nouyòk epi n ap travay dirèkteman ak kominote ki pi afekte pa vyolans ak zam pou chanje fondamantalman fason nou adrese epi konbat kriz sante piblik sa a atravè eta nou an."

An menm tan, Gouvènè Hochul te anonse ke Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam Eta Nouyòk la kounye a kodifye pou tout tan nan lwa eta a atravè Bidjè ki te Adopte pou Ane Fiskal 2026 la. Biwo a, ki te etabli okòmansman pa Dekrè Egzekitif la an 2021, loje nan Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la epi li dirije efò Eta a pou kowòdone estrateji rediksyon vyolans ant ajans eta ak lokal yo, analize done epi sipòte òganizasyon kominotè ki sèvi moun ki afekte pa vyolans ak zam. Nouyòk se premye eta ki mete yon biwo dedye a prevansyon vyolans ak zam nan lwa depi Administrasyon Trump la te fèmen Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam Mezon Blanch lan.

Etap enpòtan sa a rive pandan sipò federal pou efò prevansyon vyolans ak zam yo te deranje epi demonte. Fènti Biwo Prevansyon Vyolans Zam Mezon Blanch lan ak dènye rediksyon nan sibvansyon Entèvansyon Vyolans nan Kominote a nan men Depatman Lajistis Etazini an mete plis presyon sou òganizasyon lokal yo. Investisman kontinyèl Eta Nouyòk la atravè OGVP ede asire efò enpòtan sa yo rete solid epi efikas.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te konsantre sou diminye vyolans ak zam nan tout eta a, li te adopte règleman epi li te bay priorite a lejislasyon ki te fè Nouyòkè yo ak kominote yo pi an sekirite. Sa gen ladan l'investi 347 milyon dola nan mezi prevansyon vyolans ak zam, ranfòse lwa sekirite zam ki pi enpòtan nan peyi a, sipòte kominote yo ak lapolis epi kenbe zam yo lwen moun ki ta ka fè mal. Soti janvyè 2021 rive me 2025, Lapolis Eta Nouyòk la te sezi 4,902 zam epi yo te bay plis pase 5,500 moun yo te jwenn ki reprezante yon danje pou tèt yo oswa pou lòt moun Lòd Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Orders, ERPO), yo te retire tout zam afe yo te genyen epi yo te anpeche yo achte yo.

**Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la, Letitia James, te deklare,** "Tout moun Nouyòk merite santi yo an sekirite nan katye yo, lekòl yo, ak nan lari nou yo. Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam nan Eta Nouyòk la ap ede nou kontinye fè travay nou te ap fè chak jou a pou retire zam nan lari nou yo, sispann krim ki gen rapò ak zam, epi pwoteje sekirite piblik Nouyòkè yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Senatè Myrie, ak Manm Asanble Chandler-Waterman pou efò yo te fè pou kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan pou fè l'tounen yon lwa epi pou travay pou ede kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite."

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la, Rossana Rosado, te deklare,** "Gouvènè Hochul te fè prevansyon vyolans ak zam yon pi gwo priorite, epi rezilta yo pale poukont yo. Gras a investisman li yo, nou wè pwogrè siyifikatif ak mezirab. Men, nou konnen travay la poko fini. Lè Gouvènè Hochul kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan, li asire ke estrateji Nouyòk yo pa sèlman kontinye, men yo elaji epi ranfòse pou pwoteje kominote yo pou plizyè ane k ap vini yo."

**Direktris Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam lan nan Eta Nouyòk, Calliana Thomas te deklare,** "Travay nou an chita sou bati konfyans, delivre resous, ak prevansyon trajedi atravè yon apwòch sante piblik konplè ki abòde kòz fondamantal vyolans lan. Nou fyè pou nou kanpe avèk patnè lokal yo, soti Buffalo rive nan vil Nouyòk, ki vini chak jou pou jèn yo, sipòte sivivan yo, epi ede kreye katye ki pi an sekirite e ki an sante. Pandan sipò federal la ap vin pi ensèten, Nouyòk ap pran angajman, epi nou mande lòt moun pou yo vin jwenn nou pou soutni travay sa a ki sove lavi moun."

**Direktè Biwo Sèvis Viktim (New York State Office of Victim Services, OVS) Eta Nouyòk la, Bea Hanson, te deklare,** "Kominote yo atravè Eta Nouyòk yo ap fè eksperyans yon kantite ensidan vyolans ak zam ki pi ba pase tout lòt yo, men gen kèk kominote ki toujou ap fè eksperyans plis vyolans ak zam pase lòt. Epi nou konnen menm yon sèl viktim twòp. Tout sivivan yo, fanmi yo ak kominote yo bezwen sipò kontinyèl, plis aksè ak sèvis, ak pwogram elaji ki konsantre sou prevansyon ak entèvansyon. OVS fyè pou l sipòte travay Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam nan epi li rete angaje pou asire ke tout sivivan yo gen resous yo bezwen pou yo rekipere epi pwospere. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te bay sekirite piblik priyorite epi pou sipò san fay li pou kontinye diminye vyolans ak zam nan tout kominote nou yo."

**Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie,** "Nan yon moman kote Administrasyon Trump la ap diminye efò li fè pou sispann vyolans ak zam nan tout peyi a, Nouyòk kontinye pran devan. Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan pral kowòdone efò ant lokalite yo ak gwoup kominotè yo, kolekte epi pataje done sou pi bon pratik yo, epi ede òganizasyon ki nan premye liy batay sa a simonte tanpèt k ap soti Washington yo. Kominote nou an merite yon apwòch ki koresponn ak tout nivo gouvènman an pou mete fen nan vyolans ak zam, epi mwen fyè dèske mwen te dirije efò pou etabli OGVP ansanm ak Manm Asanble Monique Chandler-Waterman ak defansè k ap goumen pou sekirite piblik la."

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare,** "Vyolans ak zam koupe lavi twòp moun — epi administrasyon aktyèl la vire do ban nou lè li fèmen Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam Mezon Blanch lan. Lè nou kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan Nouyòk, n ap di dwa nou genyen pou sekirite, pou kominote, ak pou lavi li menm merite pou nou defann li. Mwen remèsye Gouvènè Hochul non sèlman paske li te reponn ak vyolans ak zam, men tou paske li te investi nan enfrastrikti pou anpeche li."

**Manm asanble Monique Chandler-Waterman te deklare,** "Nou nan yon moman enpòtan ak investisman vital sa yo pou asire repitasyon Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam nan eta a. Biwo sa a pral baze sou koleksyon done, edikasyon piblik, sèvis konplè, kolaborasyon kominotè, bay finansman pou gwoup anti-vyolans lokal yo ak kowòdinasyon efikas ant ajans yo ak moun ki gen enterè yo. N ap franchi yon pa solid pou nou mete fen nan vyolans ak zam epi adrese chòk ki kontinye ap devastè kominote nou yo. Pandan y ap kodifye tou yon nouvo tèm yo rele vyolans ak zam an mas ki pral aktive biwo sa a pou kowòdone resous pou kominote ki afekte yo. Mèsi Gouvènè a paske li te priyorize sivivan nou yo, manm kominote a ak òganizasyon kominotè anti-

vyolans ki sou teren an k ap fè travay enpòtan sa a. Antanke koprezidan Soukomite Kont Vyolans ak Zam nan Eta Nouyòk nan Konsèy Lejislatif pou Nwa, Pòtoriken, Ispanik ak Azyatik Eta Nouyòk la, mwen fyè de mouvman nou te fè isit la nan Nouyòk ki pral sèvi kòm yon modèl pou eta atravè peyi a—sitou nan yon moman kote finansman federal pou apwòch prevantif konplè kont vyolans ak zam ap diminye. Investisman finansye ki pi pwofon yo ap asire yon sipò alontèm pou adrese kriz sante piblik sa a yon fason reyèl e dirab. Sa a se yon pa nan bon direksyon an epi m ap kontinye defann plis investisman jiskaske jou nou ka di pa gen okenn lòt pwòch ki te asasen akòz vyolans ak zam."

**Senatè Et a, Jamaal T. Bailey, te deklare,** "Kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam Eta a se bati yon angajman dirab pou sove lavi. Pandan n ap wè yon diminisyon nan fiziyad yo, nou pa ka chita sou konfò nou. Kounye a se moman pou nou double efò a, pou nou enstitisyonnalize pwogrè nou te fè a epi asire estrateji nou yo pèmanan, pro-aktif, epi anrasinen nan kominote a. Biwo sa a pral sèvi kòm yon sant santralize pou prevansyon, kowòdinasyon, ak inovasyon pou kenbe vwa moun ki pi afekte yo nan sant konvèsasyon an. Mèsi ak Senatè Zellnor Myrie ak Manm Asanble Monique Chandler-Waterman paske yo te patwone pwojè lwa a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie pou lidèchip kontinyèl yo ak patenarya yo nan fè sekirite piblik vin yon priyorite pou chak katye nan tout Eta Nouyòk la."

**Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare,** "Pandan administrasyon Trump la ak Repibliken nan Kongrè a ap koupe finansman pou prevansyon vyolans epi demonte biwo yo pou adrese kriz sa a, eta nou an ap montre lidèchip. Chak moun Nouyòk, enkli elektè m yo, merite sekirite. Kodifikasyon yon Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan eta a pral asire inisyativ enpòtan sa a ka kontinye nan administrasyon k ap vini yo epi ke nou ka swiv epi adrese ijans sante piblik sa a avèk plis ijans. Mwen rekonesan anvè kòlèg mwen yo ki te travay sou lejislasyon sa a ak pwoblèm nan, epi Gouvènè a dèske li te mete l nan bidjè eta nou an."

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Vyolans ak zam se yon kriz sante piblik ki mande yon repons ini, ki baze sou done. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te kodifye Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan an lwa epi mwen pa ka tann plis investisman nan founisè Sèvis Jesyon Kriz yo ki fè travay sa a chak jou, soti nan Southeast Queens rive nan East Buffalo. Avèk òganizasyon CMS yo ki enplike nan tout nivo, biwo sa a pral ede asire ke nou pa sèlman ap adrese vyolans lè li rive, men tou ap travay pou anpeche li nan yon premye tan."

**Manm Asanble Michaelle Solages te deklare,** "Pandan Washington vire do li, Nouyòk ap pran devan. Gouvènè Hochul, Lejislati Eta nou an, ak defansè lokal yo ap pwouve ki sa aksyon reyèl ye. Lè nou fè Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam lan vin pèmanan, n ap sove lavi epi sipòte kominote ki te majinalize pandan twò lontan. Diminisyon nan fiziyad la montre apwòch sa a mache epi n ap kontinye jiskaske chak Nouyòkè santi yo an sekirite."

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare,** "Aprè ogmantasyon alamant vyolans ak zam pandan pandemi COVID-19 la, Eta Nouyòk te wè yon diminisyon konstan nan vyolans ak zam pandan kèk dènye ane yo. Anpil nan investisman n ap fè yo, tankou finansman pou etablisman Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam ak elaji devwa Divizyon Sèvis Jistis Penal la pou enkli estrateji entèvansyon ak prevansyon vyolans ak zam, pral kontribye nan siksè kontinyèl nou nan lit kont vyolans ak zam lan. Lejislasyon an te yon faktè kle tou ki kontribye nan diminisyon vyolans ak zam, tankou lwa mwen an ki egzije pou yon moun k ap chèche jwenn yon lisans zam oswa achte yon zam afe pou yo okouran de danje ki genyen lè li posede li, tankou ogmantasyon risk swisid, lanmò pandan diskisyon domestik, ak lanmò envolontè lòt moun, pandan y ap sansibilize yo sou Liy Sovtaj Nasyonal pou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline) la. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak patnè nou yo nan gouvènman an pou reyalize objektif final nou ki se elimine flewo vyolans ak zam nan eta nou an."

**Manm Asanble Nikki Lucas te deklare,** "Mwen sipòte etablisman yon Biwo pou Vyolans ak Zam. Manm distri mwen an, menm jan ak Nouyòkè atravè eta nou an, rann gouvènman an responsab pou bay sèvis Sekirite Piblik pou tout moun. Biwo pou Vyolans ak Zam lan se yon lòt etap enpòtan ki pwoteje tout Nouyòkè yo, tankou fanmi yo, sivivan vyolans domestik yo, ofisyè lapolis yo, moun ki nan prizon yo, epi li bay tès sikolojik enpòtan pou kandida ki nan bezwen yo. Mwen kontan kanpe bò kote Gouvènè Hochul ansanm ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an ki te travay pou fè sa tounen yon reyalite."

**Manm Asanble Brian Cunningham te deklare,** "Nou wè vyolans ak zam diminye nan distri mwen an paske prevansyon fonksyone. Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam lan, ki kounye a ofisyèlman etabli nan bidjè eta a, pral elaji enpak sa a lè li kowòdone finansman, sipòte gwoup lokal yo, epi amelyore responsablite. Kominote ki pi afekte pa vyolans ak zam merite solisyon estratejik ki baze sou prèv, epi travay Gouvènè a isit la mete Nouyòk nan pozisyon pou l reyalize yo."

**Manm Asanble Landon Dais te deklare,** "Isit la nan Bronx la, malerezman nou wè vyolans ak zam devaste twòp fanmi pandan twò lontan. Kreyasyon ofisyèl Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam nan Nouyòk la se yon etap enpòtan pou asire ke kominote nou yo jwenn resous, kowòdinasyon ak sipò yo merite. Antanke papa de jèn tigason k ap grandi nan Bronx la, mwen te rekonèt nesosite pou yon apwòch konplè pou mete fen nan vyolans ak zam. Youn ki pa sèlman kriminalize men ki jwenn yon bagay pou jèn nou yo fè epi ki anpeche yo ranmase zam nan yon premye tan. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li anvè solisyon reyèl ak dirab paske chak Nouyòkè, soti nan South Bronx rive nan nò eta a, merite santi yo an sekirite kote y ap viv, travay, epi elve fanmi yo."

**Manm Asanble George Alvarez, te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò li te fè pou diminye vyolans ak zam anpil pandan ane ki sot pase a. Se te yon onè pou mwen pou m travay ansanm ak Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan lejislati Eta a pou rann kominote nou yo pi an sekirite. Fas a diminisyon sipò pou sekirite zam nan nivo federal la, mwen felisite Gouvènè a pou lefèt ke li te fè Biwo pou Prevansyon

Vyolans ak Zam (OGVP) la pèmanan. Kounye a se moman pou Nouyòk pran mezi sa yo pou pwoteje rezidan nou yo kont ravaj zam nan lari nou yo."

**Manm Asanble John Zaccaro, Jr., te deklare,** "Mwen te fyè pou m sipòte lejislasyon nan bidjè ane sa a ki ta kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam epi bat bravo pou devouman ak lidèchip Gouvènè a nan konbat vyolans ak zam nan vil nou yo. Eta Nouyòk kontinye etabli yon referans pou siksè nan batay pou konbat epidemi zam afe a epi chif yo pa bay manti. Fiziyad yo diminye a 21% nan vil Nouyòk epi omisid ak zam atenn pi ba kantite yo te janm anrejistre. Pandan n ap avanse, Nouyòk ap kontinye pran devan, epi mete aksan sou kenbe kominote nou yo an sekirite."

**Manm Asanble, Chantel Jackson, te deklare,** "Antanke yon moun ki te wè dirèkteman doulè vyolans ak zam fè sou kominote nou yo, mwen felisite Gouvènè Hochul paske li fòmalize Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam nan Nouyòk la. Sa a se pa sèlman politik, li konsène pwoteje lavi, amelyore katye yo, epi asire fanmi yo ka santi yo an sekirite lakay yo. Done yo pale poukont yo, yo montre nou ke lè nou investi nan prevansyon, sipòte kominote nou yo, epi adopte yon apwòch konplè, nou sove lavi. Nouyòk ap montre nasyon an kisa sa vle di pou nou bay sekirite piblik priyorite, epi mwen fyè pou m kanpe bò kote efò sa a."

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare,** "Vyolans ak zam retire twòp lavi epi dechire twòp fanmi atravè vil nou an. Antanke yon moun ki te kòmanse karyè li akòz pèt yon bon zanmi akòz vyolans ak zam, mwen fyè pou m travay ansanm ak Gouvènè Hochul ansanm ak tout patnè nou yo nan vil la ak nan kominote a pou diminye masak yo epi sove lavi nan katye nou yo. Soti nan konstriksyon yon nouvo 116è Sikonskripsyon pou rive nan adrese kòz fondamantal krim yo, epi kounye a nan kodifikasyon Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan eta a, n ap aplike yon apwòch konbat vyolans ak zam ki baze sou done, ki baze nan kominote a, ki kenbe katye ak fanmi nan Nouyòk yo an sekirite. Sepandan, travay la pa janm fini, epi efò san pran souf sa yo ap kontinye san rete."

**Manm Konsèy Vil Nouyòk Keith Powers, te deklare,** "Vyolans ak zam se yon kriz sante piblik ki brize kè. Mwen fyè dèske Nouyòk gen kèk nan lwa ki pi solid sou sekirite zam nan peyi a, ki enpòtan pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam nan eta a ap pran devan pou asire zam pa tonbe nan men moun ki ta ka fè mal, epi mwen kontan ke kounye a li se yon pati kodifye nan efò eta nou an pou limite vyolans ki soti nan zam afe."

**Kevin C. Riley, Manm Konsèy Minisipal Vil Nouyòk la, te deklare,** "Antanke Manm Konsèy ki reprezante kominote ki afekte pwofondman pa vyolans ak zam, mwen felisite Gouvènè Hochul paske li fè Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan vin pèmanan nan lwa Eta Nouyòk la. Biwo sa a ranfòse kapasite nou pou nou investi nan solisyon ki sove lavi, ki baze sou kominote a, ki adrese kòz fondamantal vyolans lan. Nou konnen sekirite piblik la pa sèlman konsène lapolis; li konsène prevansyon, gerizon, ak opòtinite. Mwen anvi kontinye travay enpòtan sa a ansanm ak patnè eta nou yo pou pwoteje katye nou yo epi ankouraje jèn nou yo."

**Konsejè Minisipal Vil Nouyòk la, Carlina Rivera te deklare,** "Nouyòk ak nasyon nou an kontinye ap fè fas ak kriz sante piblik vyolans ak zam. Twòp rezidan toujou ap viv nan laperèz, epi nou dwe double efò nou sou politik konplè, investisman, ak patenarya kominotè pou nou ka sispann vyolans lan. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li kodifye Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam Nouyòk la an lwa, yon etap enpòtan ki pral ranfòse kowòdinasyon an epi elaji estrateji prevansyon ki deja pwouve efikasite yo."

**Manm Konsèy Vil Nouyòk Rita Joseph te deklare,** "Antanke manman, edikatè, epi fyè dèske mwen reprezante yon kominote ki te santi enpak devastatè vyolans ak zam, mwen sipòte ak tout kè mwen anons Gouvènè Hochul la pou fòmalye Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam nan. Se kalite lidèchip sa a ki gen kouraj e ki gen konpasyon nou bezwen an—yon lidèchip ki rekonèt ke sekirite piblik vle di investi nan prevansyon, gerizon, ak kominote a. Mwen anvi travay an patenarya ak leta a pou asire ke jèn nou yo ka grandi nan katye ki pa gen menas vyolans ak zam."

**Prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri Eta Nouyòk la ak Pwokirè Distri Konte Rensselaer, Mary Pat Donnelly, te deklare,** "Pwokirè Eta kNouyòk yo apresye angajman Gouvènè Hochul pou limite vyolans ak zam nan Eta nou an. Konte pa m nan, Rensselaer, se youn nan 21 konte ki fè pati inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) ki konsantre sou rediksyon omisid ak fiziyad ki gen rapò ak zam afe nan kominote yo ki pa nan vil Nouyòk. Sipò nan pwogram sa a ak lòt pwogram Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la ap dirije te reyisi nan diminye vyolans ak zam epi amelyore estrateji rediksyon krim ki gen ladan zam. Ansanm ak kòlèg Pwokirè Distri mwen yo ak kominote fòs lòd nou an ki pi laj, mwen ap tann ak enpasyans pou kontinye patenarya ak eta nou an pou konbat krim ak zam epi sipòte viktim krim sa yo."

**Pwokirè Distrik Manhattan lan, Alvin Bragg Jr., te deklare,** "Pandan ke kantite fiziyad yo diminye a 69% nan Manhattan konpare ak epòk sa a an 2021, nou p ap retire fokis nou sou li. Kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam pou tout tan se yon mezi enpòtan pou asire yon repons kowòdone nan tout kwen Eta a, epi se fason pafè pou fini mwa sansibilizasyon sou vyolans ak zam la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman san fay li nan konbat vyolans ak zam."

**Pwokirè Distri Brooklyn lan Eric Gonzalez te deklare,** "Vyolans ak zam te rive nan yon nivo ki pi ba ki bat rekò nan Brooklyn ane pase a, men nou pa ka pran pwogrè sa a alejè. Yon Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam ki dedye pral bay Nouyòk zouti pou pi byen kowòdone repons yo, sipòte kominote yo, epi devlope estrateji ki baze sou done pou sove lavi. Mwen felisite Lejislati a paske li te pase lejislasyon sekirite piblik enpòtan e proaktif sa a, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen l pou l vin yon lwa."

**Pwokirè Distri Bronx lan, Darcel D. Clark, te deklare,** "Yon sèl viktim fiziyad twòp, kidonk tout sa nou ka fè pou anpeche vyolans ak zam dwe fèt. Estrateji Gouvènè Hochul yo pou diminye domaj ak chagren nan kominote nou an se etap konkrè. Men,

fòk gen efò pou amelyore opòtinite pou jèn nou yo epi pou sispann sikilasyon zam afe pou yo pa tonbe nan men timoun yo."

**Pwokirè Distri Konte Richmond a, Michael E. McMahon, te deklare,** "Malgre ke kantite fiziyad ki anrejistre yo nan nivo istorikman pi ba jiskaprezan ane sa a nan Staten Island – yon sèl fiziyad se yon fiziyad ki twòp, epi lapolis bezwen tout èd yo kapab jwenn pou elimine flewo vyolans ak zam nan kominote nou yo. Soti nan retire prèske 800 zam afe nan lari nou yo atravè patenarya racha zam nou an ak NYPD a pou rive nan aplike pouswit presi nan tribinal la, gason ak fanm nan biwo mwen an angaje pou retire zam afe ilegal nan kominote nou yo epi pou rann moun ki oze itilize zam danjere sa yo responsab devan lalwa. Sepandan, gen plis bagay ki dwe fèt pou anpeche zak vyolans ak zam epi pwoteje Nouyòk yo kont konsekans mòtèl li yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou kodifikasyon Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam Eta Nouyòk la epi pou angajman kontinyèl li pou pwoteje rezidan Staten Island yo ak tout rezidan Nouyòk yo kont menas vyolans ak zam yo."

[Nouvo done ki sot pibliye yo soti nan 28 departman polis](#) andeyò Vil Nouyòk ki patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) nan eta a. Vil tankou Albany, Buffalo ak Rochester tout rapòte yon rediksyon de chif nan tou de ensidan fiziyad ki enplike blesi ak kantite moun ki pran bal. Nan mwa me 2025, kat moun te mouri akòz vyolans ak zam nan tout jiridiksyon sa yo, yon diminisyon parapò ak 13 moun ki te mouri nan mwa me 2024.

Pou kontinye sou pwogrè sa a, OGVP pral lanse yon kanpay sansibilizasyon piblik sou stokaj an sekirite nan tout eta a epi mete 5 milyon dola disponib pou òganizasyon kominotè yo pou bay espas an sekirite pou konseye jèn yo, sèvis sante mantal, ak pwogram lwazi nan mwa k ap vini yo. Kanpay sansibilizasyon an pral ankouraje posesyon responsab zam epi distribye kadna zam gratis pou ede anpeche blesi ak lanmò ki gen rapò ak zam afe, sitou pami timoun ak adolesan.

### **Konsènan Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan**

Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam (OGVP) nan Eta Nouyòk, ki loje nan Divizyon Sèvis Jistis Penal (DCJS) nan Eta Nouyòk, dirije yon apwòch kowòdone nan tout eta a pou prevni vyolans ak zam. Misyon li se bati yon modèl sante piblik konplè, ki baze sou ekite, ki adrese kòz fondamantal vyolans lan lè li ranfòse kominote yo ak sistèm piblik yo. OGVP jwe yon wòl santral nan ekosistèm prevansyon vyolans ki pi laj nan Nouyòk, an patenarya ak Departman Sante (Department of Health, DOH), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OFCS), Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo Sèvis pou Viktim (OVS), ak moun ki gen enterè nan Eta a ak lokal yo atravè Nouyòk, tankou Departman Jèn ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) Vil Nouyòk, ak Departman Sante ak Ijèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH). Vizite [paj wèb Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam](#) nan pou aprann plis.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)